

KONTAKTE ENSTITI GRÈF LA PANDAN LÈ NÒMAL BIWO YO

- Pou renouvèlman medikaman regilye yo tankou **medikaman pou doule** yo. **Yo p ap ka renouvle medikaman nakotik lè biwo a fèmen.**
- Pou zafè otorizasyon davans
- Pou verifye pwochen randevou yo oswa pou pran yon lòt randevou
- Pou mande rezilta analiz laboratwa yo
- Pou mande nan ki etap MELD (Modèl pou Maladi Fwa nan Dènye Faz) la ye
- Pou mande pou voye rezilta tès yo bay pwofesyonèl swen sante regilye w la
- Pou poze kesyon konsènan tès pou verifye tip tisi
- Pou mande enfòmasyon woutin konsènan vaksen
- Pou mande renouvèlman demann pou analiz nan laboratwa

LÒT REKÒMANDASYON :

- Tanpri, rete disponib pou reponn telefòn ou si ou bezwen bipe kowòdonatè k ap travay la
- Si ou se yon pasyan BIDMC oswa nan Depatman Ijans la, se ekip pou pasyan ki entènè yo ki responsab pou swen ou
- Sonje byen lè biwo a fèmen pandan aswè pandan lasemèn, pandan jou ferye, oswa pandan wikenn, nou p ap ka ni voye ni resevwa faks

BEZWEN KLINIK IJAN OSWA IJANS

KONTAKTE ENSTITI GRÈF LA PANDAN LÈ BIWO A FÈMEN

Rele 617-632-9700 si ou gen nenpòt nan sentòm sa yo.
Sèvis ki reponn apèl la pral bipe kowòdonatè grèf k ap travay la.

- Tanperati ou pi wo pase 101 degre.
- Ou gen yon gwo vant fè mal, vomisman, oswa dyare ; ou pa ka pran medikaman pou grèf ou a
- Ou gen yon konstipasyon ki asosye ak vant fè mal
- Ou santi plis doule kote yo te koupe w la, li pi wouj oswa l pi anfle
- Ou gen yon dlo oswa pij san k ap koule kote yo te koupe ou a
- Ou santi doule oswa li boule lè w ap pipi, ou pipi souvan oswa ou bezwen kouri al pipi.
- Ou pran twa liv nan de (2) jou
- Ou gen sentòm grip : frison, doule nan jwenti, ak tèt fè mal
- Nivo sik nan san ou pi wo pase 400
- Ou santi li sansib sou fwa a
- Koulè piti ou fonsè oswa li nwa
- Koulè pou pou ou pal oswa l gen koulè ajil
- Je ou oswa po ou jòn